

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar saméméhna ngeunaan pakeman basa, gaya basa jeung larapna dina pangajaran di SMA kelas XI bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan, aya 151 pakeman basa anu kapaluruh dina novél *Laleur Bodas* Karangan Samsu. Tina 151 ungkara pakeman basa anu kapaluruh dina novél *Laleur Bodas* karya Samsu téh kapaluruh 68 (45,03%) kekecapan, 31 (20,52%) babasan, 33 (21,85%) paribasa, 16 (10,59%) kecap kiasan, 1 (0,66%) rakitan lantip, jeung 1 (0,66%) pranata mangsa. Sedengkeun cacandran, uga, candrasangkala, caturangga, repok, jeung wirasat mah henteu kapanggih dina ieu novél.

Tina sababaraha wanda pakeman basa saperti babasan jeung paribasa, dipasing-pasing deui jadi sababaraha bagian. Babasan dipasing-pasing deui jadi dua bagian nyaéta dumasar wangunanna jeung dumasar wandana. Data anu kapaluruh dumasar kana wangunanna nyaéta 8 (25,81%) wangun rundayan, 14 (45,16%) wangun kantétan, jeung 9 (29,03%) wangun frasa. Sedengkeun dumasar kana wandana kapaluruh aya 12 (38,71%) babasan ngaran awak sakujur, 3 (9,67%) babasan ngaran sasatoan, 7 (22,59%) babasan ngaran tutuwuhan, 5 (16,13%) wangun kaayaan alam, jeung 4 (12,90%) babasan ngaran barang.

Paribasa anu kapaluruh aya 33 (21,85%). Paribasa dipasingpasing deui jadi opat bagian nyaéta (1) dumasar unsur pangwangunna, data anu kapaluruh aya 24 (72,73%) paribasa salancar, 9 (27,27%) paribasa jembar. (2) dumasar kana maksud nu dikandung, data anu kapaluruh aya 33 (100%) paribasa piluangeun, sedengkeun paribasa paréntah jeung paribasa pituah. mah teu kapanggih dina novél. (3) dumasar kana cara gelarna aya 31 (93,93%) paribasa tina asal kajadian, jeung 2 (6,07%) paribasa tarjamahan. Sedengkeun paribasa kabujanggan mah teu kapanggih dina ieu novél. (4) dumasar sumber babandinganna, aya 2 (6,06%) paribasa awak sakujur, 2 (6,06%) paribasa ngaran sasatoan, 2 (6,06%) paribasa

ngaran tutuwuhan, 11 (33,33%) paribasa kaayaan alam, 3 (9,09%) paribasa barang, 13 (39,40%) paribasa laku lampah.

Kadua, tina data anu kapaluruh, pakeman anu maké gaya basa aya 118 (78,15%) pakeman basa tina 151 pakeman basa. Aya opat gaya basa anu nyampak dina pakeman basa anu kapaluruh dina novél *Laleur Bodas*, nyaéta 20 (16,95%) gaya basa ngumpamakeun, 20 (16,95%) gaya basa lalandian, 47 (39,83%) gaya basa rautan, jeung 31 (26,27%) gaya basa ébréhan.

Katilu, pakeman basa jeung gaya basa anu kapaluruh dina novél bisa dijadikeun bahan pangajaran, hususna ngeunaan wanda katut harti tina pakeman basa jeung gaya basa. Sabada dianalisis saperti anu di tétélakeun saacanna, yén novél ieu téh bisa dijadikeun alat pikeun nepikeun pangajaran kandaga kecap hususna pakeman basa. Lian ti éta data pakeman basa anu geus kapaluruh ogé bisa dijadikeun mamamis basa dina nulis karangan déskriptif.

Dumasar kana data anu geus dipedar di luhur, katitén yén pakeman basa jeung gaya basa anu kapaluruh dina novél *Laleur Bodas* karangan Samsu téh euyeub pisan, bisa ditalungtik dumasar kana papasingan wandana sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA.

5.2 Implikasi

Pakeman basa jeung gaya basa anu kapaluruh dina novél *Laleur Bodas* karangan Samsu téh bisa di larapkeun di sakola dina pangajaran bahasan budaya Sunda ogé dina novél kalayan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré téks pedaran mangrupa déskripsi tina novél *Laleur Bodas* karya Samsu.
- 2) Siswa dibéré pancén pikeun maca téks pedaran.
- 3) Siswa néangan pakeman basa jeung gaya basa anu aya dina téks pedaran.
- 4) Siswa nganalisis pakeman basa jeung gaya basa anu kapaluruh dina téks pedaran dipasing-pasing luyu jeung unkarana. Siswa nyieun kalimah nu ngandung pakeman basa jeung gaya basa anu geus kapaluruh.

Dumasar kana kacindekan jeung léngkah-léngkah di luhur, implikasi dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Anisya Harti Nurdewi, 2017

ULIKAN STILISTIK KANA PAKEMAN BASA DINA NOVÉL LALEUR BODAS KARANGAN SAMSU PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sabada nengetan, nganalisis, jeung ngalarapkeun pakeman basa jeung gaya basa anu kapaluruh dina novél *Laleur Bodas* karangan Samsu, dipiharep siswa mampuh ngaronjatkeun kaparigelanna, saperti ieu di handap.

- 1) Maham kana pakeman basa jeung gaya basa, utamana maham kana papasingan wandana.
- 2) Parigel dina nyieun kalimah anu ngandung pakeman basa jeung gaya basa.
- 3) Parigel dina nulis karangan déskriptif ngagunakeun pakeman basa salaku mamamis basa sarta ngagunakeun basa Sunda anu leuwih merenah.

5.3 Saran

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan kakara dipedar pakeman basa jeung gaya basa nu ditalungtik maké élmu semantik jeung stilistik. Ku kituna masih perlu diayakeun panalungtikan pakeman basa jeung gaya basa ngagunakeun élmu séjénna.

Kadua, panalungtikan ngeunaan gaya basa dina pakeman basa téh kawilang saeutik. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun novél atawa karya sastra. Pakeman basa jeung gaya basa bisa kapanggih dina rupa-rupa wangun komunikasi, boh komunikasi lisan, boh komunikasi tinulis, bisa ogé kapanggih dina karangan prosa.

Katilu, pakeman basa jeung gaya basa dipiharep bisa dihirupkeun deui dina kahirupan sapopoé ngaliwatan pangajaran sastra jeung budaya Sunda